# Joqarǵı Keńes deputatı Qanlıkólde puqaraǵa jańadan jay salıp beriwge ámeliy járdem berdi

Qanlıkól rayonı «Jańa qala» APJ turǵını H.Qalmuratov shańaraq aǵzaları menen tozıwı jetken jayda jasaytuǵın edi. Ómirlik joldası G.Xojanova menen ómirdiń kóp qıyınshılıqların bastan keshirgen. Eki qızı ómirden erte ótip, házirgi waqıtta bir qızı menen jasap kelmekte.

Image not found or type unknown

Ekewi de II topar mayıbı, jumıssız bolǵanlıqtan turaq jayın ońlawǵa materiallıq imkaniyatı bolmadı. Rayondaǵı tiyisli mákemelerge bir neshe márte múrájat etken H.Qalmuratov usı aymaqtan Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń deputatı bolıp saylanǵan, «ÓzLiDeP» frakciyasınıń aǵzası, «Kanteks Invest» JShJ atqarıwshı direktorı Quwandıq Eshmuratovqa múrájat etken edi.

Image not found or type unknown

«ÓzLiDeP» QR Keńesi baspasóz xızmetiniń xabar beriwinshe, deputat puqaranıń úyine barıp, turaq jaydıń jaǵdayın, múrájat iyesiniń jasaw tárizin kózden ótkerdi hám «Kanteks Invest» JShJ menen birgelikte puqara H.Qalmuratovtıń úyin buzıp, tórt bólmeli jańa imarat qurıp beriwge ámeliy járdem kórsetti.

Qısqa waqıt ishinde qurılǵan jańa imaratta barlıq sharayatlar jaratılǵan bolıp, gaz, elektr energiyası hám ishimlik suwı tartıldı. Úy iyeleri deputatqa sheksiz minnetdarshılıq bildirdi.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi.